



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 21.5 MILYON DOLA POU SOLISYON KI BAZE SOU LANATI POU BESE EMISYON YO AK SEKESTRE KABÒN

Yo bay 8.5 milyon dola atravè yon Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl

Kounye a 13 milyon dola disponib pou pwojè ki diminye enpak chalè ekstrèm yo epi redwi emisyon nan bilding yo

Sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè a pou diminye emisyon gaz efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 8.5 milyon dola pou devlopman solisyon inovan ki baze sou lanati pou diminye emisyon yo ak sekresyon kabòn atravè Faz 1 Defi Inovasyon Solisyon Kabòn Natirèl (Natural Carbon Solutions Innovation Challenge) la (Defi). Anplis de sa, plis pase 13 milyon disponib kounye a atravè Faz 2 Defi a pou pwojè ki bese enpak chalè ekstrèm yo epi redwi emisyon bilding nan ak yon konsantrasyon sou bay benefis dirèk pou moun ki pi vilnerab fas ak chalè ekstrèm, ki gen ladan kominote defavorize yo. Anons jodi a sipòte objektif Lwa sou Lidèchip Klimatik ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) a pou diminye emisyon gaz a efè sè yo jiska 85 pousan disi 2050.

"Lè yo fè fas ak nenpòt defi, Nouyòkè yo twouse manch yo epi chèche yon chemen pou pi devan ki gen ladann jwenn nouvo fason pou konbat chalè ki twòp ki vin tounen nòmal nan batay kont kriz klimatik nou an", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Investisman sa yo fè pati yon pi gwo angajman pou asire kominote fleksib ak an sante pou moun ki pi vilnerab fas ak tanperati k ap monte, pandan y ap kreye opòtinite ekonomik ak etabli New York kòm yon sant inovasyon pou solisyon klimatik."

Prim Faz 1 yo

Sèt pwojè yo chwazi atravè Defi a, ki administre pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA), pral kontribye nan rediksyon emisyon ak anviwònman pou viv ki pi rezistan. Yo te mande pwopozisyon pou solisyon inovan pou ogmante sekstrasyon kabòn, diminye emisyon metàn nan dechè yo, ak avanse konstriksyon koki bilding yo ak nouvo apwòch konstriksyon ki enpòtan pou atenn objektif klima New York yo. Anplis

de sa, demann sa a ap chèche apwòch ki kapab benefisye kominote ki pa jwenn Anplis de sa, NYSEDA te ankouraje pwopozisyon ki ta ka benefisye kominote ki pa jwenn ase sèvis yo ak zòn jistis anviwonmantal yo lè yo optimize itilizasyon tè, sa k ap ogmante rezistans ak deplwaman enèji renouvlab, diminye polisyon lè ak dlo, bay ekonomi depans pou sèvis enèji yo, epi ankouraje kreyasyon travay nan endistri entelijan sou plan klimatik yo.

Benefisyè Faz 1 yo enkli:

- **Asanble OSM** - 2.3 milyon dola, an kolaborasyon ak Estrikti Avanse ak Sant Konpozite nan University of Maine ak SHoP Architects, pou devlope ak demontre de nouvo materyèl konstriksyon kabòn ki baze sou biyo epiki fèb an kabòn enkòpore, entegre ak pre-fabrikasyon andeyò sit la pou yon bilding rasyonnalize nan anviwonman iben dans tankou Vil New York.
- **Hempitecture** - 1.1 milyon dola pou devlope ak fabrike yon pwodwi izolasyon inovan ki baze sou biyo lè l sèvi avèk fib chanv endistriyèl ki grandi nan rejyon an. Pwojè a pral mezire pèfòmans, emisyon gaz ki lakòz efè sè, ak depans ki asosye ak izolasyon an vrak ki pa gen anpil kabòn. Demonstrasyon pwodwi ak evalyasyon fabrikasyon yo pral nan [Rejyon Grow-NY la](#) (Finger Lakes, New York Santral, ak Southern Tier).
- **Phytostone** - 1.5 milyon dola pou devlope ak komèsyalize seramik achitekti enteryè pou mi ak plafon ki sekestre kabòn nan rezidi agrikòl lokal yo pandan y ap ogmante valè izolasyon an. Finansman sa a te pèmèt Phytostone te lokalize nan Buffalo, New York ak objektif pou ankouraje biyo-komodite ki te grandi lokalman ak fabrikasyon ki baze nan Eta New York.
- **Re-Nuble** - 516,000 dola pou aplike yon modèl biznis sikilè pou redwi metàn ki gen rapò ak fatra nan reyitilize sous-pwodwi chanv sètifye ak lòt fib ki soti nan plant pou pwodiksyon yon gam sibstra konpostab, ak sipòte yon chèn apwovizyonman ki an sekirite pou kliyan (pwodwi andeyò sòl) nan Eta New York; kote pwojè yo enkli Buffalo, Rochester, Geneva, ak Vil New York.
- **Fakilte Syans Anviwonmantal ak Forestye Inivèsite Eta New York (State University of New York College of Environmental Science and Forestry, SUNY-ESF)** - 546,000 dola pou devlope Zouti pou Evalye Materyèl ki Estoke Kabòn (Tool for Assessing Carbon-Storing Materials, TACSMA) kòm yon kad ki konsistan, transparan, ak sous ouvè pou amelyore analiz sik lavi pwodui bwa ki rekòlte nan Eta New York. Aplikasyon zouti sa a gen ladan Deklarasyon Pwodui Anviwonmantal (Environmental Product Declarations, EPDs) amelyore pou pwodwi konstriksyon ak enfòmasyon sou akizisyon ak politik konsènan pwodwi konstriksyon nan Eta New York.
- **SunThru** - 1.7 milyon dola pou ogmante metòd fabrikasyon rapid èwojèl yo ak materyèl ayewojèl SeeThru™ ki bay pèfòmans fenèt triple nan enfrastrikti ufenèt a doub vit ki egziste deja. Demonstrasyon pwodwi a pral enkli enstalasyon nan Union College nan Schenectady. Dapre estimasyon SunThru yo, pwodwi yo prevwa diminye bezwen enèji yon kay pou yon sèl fanmi pa 13 pousan ak pi ba kabòn enkòpore konpare ak fenèt triple yo.

- **Syracuse University** - 846,000 dola pou devlope ak demontre MycoCore, yon pwodwi pou abòde mank sistèm fasad izole ki fèb an kabòn pou modènizasyon enèji pwofon atravè yon solisyon pano inik ki fabrike ak eleman biyo lè yo sèvi avèk dechè rejyonal agrikòl, yon sik lavi bèso a bèso, ak yon fliks travay nimerizasyon jiska fabrikasyon ki pral diminye depans konsepsyon ak konstriksyon, ogmante fabrikasyon Eta New York la, ak lokalize chèn apwovizyonman pwodwi yo.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la, Doreen M. Harris, te deklare, "Chak ane New York fè fas a defi ak risk ki asosye ak evènman chalè ekstrèm ki pi frekan, ke nouvo seri finansman sa a fèt pou adrese. Nou kontan pou nou swiv pwogrè pwojè yo akòde yo epi pou nou wè nouvo solisyon yo pote pou pi devan ak potansyèl pou bese emisyon ki kontribye nan klima k ap chanje tout tan an ak diminye demann sou rezo a pandan tan chalè ki twòp yo."

Faz 2 - 13 milyon dola disponib kounye a

Atravè Faz 2 a, NYSERDA ap chèche pwopozisyon nan men konpayi prive, enstitisyon rechèch, ak lòt òganizasyon pou de zòn defi ki fèt pou adrese zile chalè ak emisyon bilding nan kominote ki pa gen ase sèvis yo:

- **Inovasyon nan Refwadisman Vèt pou Chalè Ekstrèm** - 5.5 milyon dola disponib pou rechèch, devlopman, ak demonstrasyon zouti, teknoloji, ak estrateji pou ogmante adopsyon ak benefis apwòch ki baze sou lanati pou refwadisman pasif, priyoreze kominote ki defavorize yo ki vilnerab fas ak chalè pou katalize yon pi gwo echèl ak efikasite pou enfrasitrikti vèt atravè Eta New York.
- **Inovasyon nan Bilding ki Negatif an Kabòn**- 7.5 milyon dola ki disponib pou demonstrasyon, entwodiksyon, ak ogmantasyon nan pwodwi ki negatif an kabòn nan Eta New York ki sipòte efikasite enèji bilding nan. Pwojè yo pral evalye potansyèl kwasans mache, posibilite pou fabrikasyon lokal ak matyè premyè lokal yo, ak lòt benefis pou kominote lokal yo.

Yo pral [aksepte](#) aplikasyon jiska **20 out 2024 a 3:00 p.m. EST**. Ou ka jwenn plis detay sou kritè evalyasyon yo, ki gen ladan egzijans pou dekri kijan aktivite yo pwopoze yo sipòte divèsite, ekite, ak enklizyon, nan demann lan.

Yo pral òganize yon [webinè](#) enfòmatif **le 23 jiyè 2024 apati 1:00 p.m. jiska 3:00 p.m. EST** pou bay plis detay sou defi, pwopozisyon ak egzijans pwojè yo, ak pwosesis aplikasyon an.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal Eta New York la, Sean Mahar, te deklare, "8.5 milyon dola Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral ede òganizasyon, enstitisyon rechèch, ak konpayi prive atravè Eta New York avanse efò pou diminye polasyon k ap chanje klima a epi ede pwoteje Nouyòkè yo kont chalè ekstrèm ke klima k ap chanje nou an lakòz. Atravè Defi Inovasyon Solisyon Kabòn

Natirèl la, Eta New York ap envesti pou dekarbonize kominote nou yo ak ekonomi nou an, pou ede asire yon avni ki pi pwòp ak pi vèt."

Komisè Biwo Sèvis Jeneral Eta New York la, Jeanette Moy, te deklare, "Finansman Gouvènè Hochul te anonse jodi a pral sipòte pwojè ki vize pou avanse nouvo pwodwi ak estrateji pou redwi anprent kabòn nan anviwonman konstwi a. OGS fyè dèske li fè pati kolaborasyon k ap grandi nan enstitisyon sektè piblik ak prive k ap envesti nan rechèch ak devlopman teknoloji ki pral lakòz yon Eta New York ki pi pwòp ak an sante pou tout moun."

Inisyativ sa a fè pati yon estrateji konplè pou ogmante rezistans Eta fas ak nan chanjman klimatik ki gen ladan [anons](#) resan Gouvènè Hochul la sou yon investisman prèske 300 milyon dola nan rezistans klimatik pandan l ap patisipe nan Somè 'Soti nan Kriz Klima pou pase nan Rezistans Klimatik' nan Vatikan an. Anplis de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ak NYSERDA ap dirije devlopman yon [Plan Daksyon pou Chalè Ekstrèm](#) ki pral konsantre sou abòde enpak chalè ekstrèm nan kominote defavorize yo, zòn travay, ak zòn lwazi atravè Eta a. NYSERDA te [pibliye](#) tou investisman priyorite New York nan rechèch, devlopman, ak komèsyalizasyon pou sipòte inovatè ak konpayi yo k ap akselere emisyon ki fèb yo ak teknoloji ki konfiske kabòn ki nesèsè pou atenn objektif eta a pou netralite kabòn nan tout nivo ekonomi an. Pwogram [Inovasyon](#) NYSERDA ap deplwaye 800 milyon dola sou 10 zan kòm investisman dirèk atravè sibvansyon ak sipò komèsyalizasyon. Plis pase 680 milyon dola nan investisman prive ak 200 milyon dola nan kapital finans pwojè yo te kreye, epi plis pase 450 pwodwi inovatè enèji pwòp yo te komèsyalize kòm rezilta teknoloji NYSERDA ak investisman nan devlopman biznis, ki gen ladan sistèm ekleraj dyòd (LED), aparèy domestik, batri ki dire lontan, ak sistèm chofaj avèk refwadisman ki pi efikas.

Finansman pou inisyativ sa yo se atravè [Fon Enèji Pwòp](#) (Clean Energy Fund, CEF) 6 milya dola pou 10 ane a ak [Inisyativ Gaz a Efè Sè Rejyonal](#) (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) Eta a.

Plan Klimatik Nasyonal Eta New York

Ajanda klimatik Eta New York la fè apèl ak yon tranzisyon ki metodik epi ki jis ki kreye djòb ki soutni fanmi, ki kontinye ankouraje yon ekonomi vèt nan tout sektè epi asire ke omwen 35 pousan, avèk yon objektif 40 pousan, nan avantaj investisman enèji pwòp yo ale nan kominote defavorize yo. Gide pa kèk nan inisyativ klimatik ki pi agresif ak inisyativ enèji pwòp nan peyi a, New York ap avanse yon seri efò – ki gen ladan program Kapital ak Envestisman New York Cap-and-Invest, (NYCI) ak lòt politik konplèmantè – pou diminye emisyon gaz ki lakòz efè sè yo a 40 pousan dis 2030 ak 85 pousan dis 2050 konpare ak nivo 1990 yo. New York sou wout pou l reyalize yon sektè elektrisite zewo emisyon an 2040, ki gen ladan 70 pousan pwodiksyon enèji renouvlab vè 2030, ak netralite kabòn nan tout ekonomi an vè mwaye syèk la. Yon poto mitan nan tranzisyon sa a se investisman san presedan New York pou devlope enèji pwòp yo, ki enkli plis pase 28 milya dola nan 61 pwojè enèji renouvlab ak transmisyon ki fèt sou gran echèl nan eta a, 6.8 milya dola pou redui emisyon batiman yo, 3.3 milya pou

devlope enèji solè, prèske 3 milya dola pou inisyativ transpò pwòp, ak 130 Kominote Entèlijan fas ak Klima (Climate Smart Communities, CSC) sètifye, prèske 500 Kominote Enèji Pwòp, ak pi gwo inisyativ siveyans lè kominotè eta a nan 10 kominote defavorize atravè eta a pou ede sibler polisyon lè a ak konbat chanjman klimatik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)